GREATER NEW BEDFORD REGIONAL
VOCATIONAL TECHNICAL HIGH SCHOOL

1121 Ashley Boulevard, New Bedford, MA 02745-2496
Tel. 508-998-3321 Fax 508-995-7268 www.gnbvt.edu

Preparation • Passion • Perseverance

# Fòmilè done adisyonèl ti revni (Ete/Otòn 2024)

Chè fanmi yo,

Jan ou kapab konnen sa deja, Greater New Bedford RVTHS nou an konn resevwa fon eta e fon lokal adisyonèl pou soutni elèv ki soti nan fanmi yo idantifye kòm fanmi ki gen yon ti revni. Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts gentan idantifye pifò elèv sa yo piske yo deja ap patisipe nan pwogram èd piblik yo, men li pa gentan idantifye tout. N ap voye fòmilè sa a bay fanmi yo pou ede nou idantifye elèv ki elijib pou èd lekòl piske nou panse li kapab soti nan yon fanmi ki gen ti revni.

**Tanpri sonje sa se yon pwosesis volontè. Yo pa egzije fanmi yo remèt enfòmasyon sa a.**

Fòmilè Konpile Done Adisyonèl pou Revni Fèb sa a se pa yon aplikasyon pou manje lekòl gratis oswa rabè manje lekòl, e fòmilè sa a pap gen okenn enpak sou aksè pitit ou genyen a rabè manje midi ak manje maten oswa manje midi ak manje maten gratis, si li deja ap resevwa benefis sa yo.

Se Greater New Bedford RVTHS ki pral kenbe enfòmasyon fanmi yo bay sou fòmilè sa a ansanm ak lòt dokiman ki soutni li. Se sèlman Greater New Bedford RVTHS oswa Depatman Edikasyon Primè e Segondè Massachusetts ki pral itilize enfòmasyon sa a pou verifye revni fanmi an pandan l ap detèmine fonn eta e fonn lokal Greater New Bedford RVTHS la pral resevwa.

Tanpri suiv etap ki ekri pi ba yo pou w ka konplete fòmilè a e remèt li ansanm ak dokiman siplimantè yo egzije bay Pamela Stuart, School Business Administrator. Si w bezwen èd pou w konplete nenpòt pati nan fòmilè a oswa pou w konpile lòt enfòmasyon yo egzije, tanpri kontakte Guidance Department 508-998-3321 ext. 755.

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School is committed to ensuring equal opportunities for all students. The school does not discriminate on the basis of race, color, national origin, genetics, ancestry, limited English proficiency, sex, disability, religion, sexual orientation, gender identity, age, homelessness, immigration status, military status or veteran status in its education programs and activities, including admission to or employment in such programs or activities.

**Michael P. Watson**
*Superintendent-Director*

**Warley J. Williams**
*Principal*

**Pamela Stuart**
*School Business Administrator*

**Maciel Pais**
*Executive Director*
*Operations and Technology*

**Erin Ptaszenski**
*Executive Director*
*Student Services*

**Yolanda Dennis**
*Executive Director*
*DEI and Compliance*

***Proudly Serving the Towns of Dartmouth and Fairhaven and the City of New Bedford***

**1ye ETAP: Egzijans Revni**

**Premyèman, kalkile revni anyèl kay ou.** Asire ou ke ou enkli tout sous revni, tankou: travay, asistans piblik, sipò pou timoun, pansyon, pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplemantè (SSI), asirans chomaj, benefis veteran, ak revni timoun. Sèvi ak revni brit, anvan nenpòt dediksyon pou taks, asirans, depans medikal, sipò pou timoun, elatriye. **Dezyèmman, idantifye kantite moun lakay ou ki nan tablo ki anba a**. Konte tout timoun ak granmoun, ki gen rapò familyal e ki pa gen rapò, ki abite lakay ou epi pataje revni ak depans.

**Twazyèmman,** suiv flèch moun ki soti nan kantite moun ki kalifye yo. Si revni kay ou trouve l nan lis pou kantite moun lakay ou, tcheke bwat la epi ranpli fòmilè an.

Moun lakay ou dwe ranpli kondisyon revni yo pou kantite moun lakay ou kapab idantifye w kòm revni ki ba pou rezon èd lekòl la. Pa egzanp, yon kay ki gen yon granmoun ak de timoun (twa moun antou) ak yon revni $40,000 ta kalifye paske revni yo ant $0 ak $47,767.

| # moun ki nan kay la | Si revni lakay ou nan nivo sa a... | ou mèt tcheke ti kare sa a. |
|---|---|---|
| 2 → | $0 - $37,814 → | q |
| 3 → | $0 - $47,767 → | q |
| 4 → | $0 - $57,720 → | q |
| 5 → | $0 - $67,673 → | q |
| 6 → | $0 - $77,626 → | q |
| 7 → | $0 - $87,579 → | q |
| 8 → | $0 - $97,532 → | q |

**Si revni kay la pa tonbe nan nivo ki koresponn ki baze sou gwosè kay ou, moun lakay ou pap kalifye epi w pa ta dwe ranpli fòmilè an.**

**Si kay ou gen plis pase 8 moun, bay enfòmasyon sa yo epi travay avèk distri w oswa lekòl ou pou detèmine si kay ou a kalifye.**

| KANTITE TIMOUN/GRANMOUN: | REVNI ÀNYÈL: |
|---|---|
| **Distri/lekòl dwe ranpli pati sa a:** | **Selon règ federal yo, èske fanmi an kalifye sou baz kantite moun e kantite revni ànyèl total? Si wi, tcheke ti kare sa a epi mete lèt inisyal ou yo:**<br><br>**Inisyal yo: ____________** |

**2yèm ETAP: Enfòmasyon Elèv**

**Site non tout elèv ki nan kay la ki enskri oswa ki pral enskri nan Greater New Bedford RVTHS sou dat 1 oktòb 2024.** Si gen plis elèv ki ladan l, tanpri ekri enfòmasyon nan liy ou ajoute anba tab sa a.

| Fanmi yo konplete pati sa | | | Distri/Lekòl konplete pati sa |
|---|---|---|---|
| **Prenon** | **Non Fanmi** | **Klas** | **SASID** |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |

| |
|---|
| |
| |
| |

**3yèm ETAP: Dokiman Siplimantè yo**

Tanpri bay youn oswa plizyè nan sous sa yo kòm prèv pou verifye revni kay ou. Ou ta dwe soumèt dokiman ki ka itilize pou kalkile revni yon mwa ki sot pase a, tankou yon souch chèk chak semèn nan mwa sa a oswa mwa pase a. *Tcheke tout sous ki aplikab yo.*

| | |
|---|---|
| q | ***Travay:*** Resi oswa anvlòp chèk peywòl ki montre salè e chak kilè yo peye; lèt ki soti nan patwon ki bay kantite salè brit e ki di chak kilè yo peye; oswa, si w travay pou tèt ou, papye biznis oswa papye fèm, tankou papye kontabilite oswa liv taks yo. |
| q | ***Sekirite Sosyal, pansyon oswa retrèt:*** Lèt benefis retrèt Sekirite, deklarasyon benefis ou resevwa, oswa notifikasyon pansyon. |
| q | ***Asirans chomaj, andikap, oswa ranbousman travayè yo:*** Notifikasyon elijibilite ki soti nan biwo sekirite anplwa biwo eta a, resi chèk, oswa lèt ki soti nan biwo ranbousman travayè yo. |
| q | ***Èd Piblik:*** Lèt benefis ki soti nan Depatman Èd Tranzisyonèl Massachusetts pou SNAP oswa TAFDC, oswa ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen pou MassHealth. |
| q | ***Pansyon alimantè pou timoun oswa konjwen:*** Dekrè tribinal, akò, oswa kopi chèk ou te resevwa. |
| q | ***Lòt revni (tankou revni ki soti nan louwe kay):*** Enfòmasyon ki montre kantite revni ou te resevwa, chak kilè ou resevwa li, e dat ou te resevwa li. |
| q | ***Pa gen revni:*** Yon ti nòt brèv ki esplike kòman ou fè bay moun lakay ou manje, rad ak lojman, e ki esplike kilè ou panse ou pral resevwa yon revni. |
| q | ***Inisyatif lojman prive pou manm militè yo:*** Yon lèt oswa yon kontra afèmaj ki montre lojman w fè pati Inisyatif Lojman Prive pou Manm Militè yo. |

**4yèm ETAP: Kontak Kominotè**

Si fanmi w pa kapab bay dokiman siplimantè (dokiman yo site pi wo nan Etap 3 a) pou pwouve revni ou yo, lè sa yon **kontak nan kominote a** dwe bay prèv alekri ki soutni kategori revni ànyèl fanmi an ki mache ak kategori ou te seleksyone nan Etap 1.

Yon *kontak nan kominote a* se yon moun ki pa viv lakay ou, men ki konnen sikonstans fanmi w e li ka sètifye kategori revni ànyèl fanmi w ke ou te seleksyone nan Etap 1. Kontak kominote gen ladan yo ajans sèvis sosyal, òganizasyon relijye, e lòt gwoup nan kominote a.

| | |
|---|---|
| Non kontak kominote a ak non òganizasyon li asosye avè l la | |
| Adrès òganizasyon an [Ri, Vil, Eta, Kod postal] | |
| Enfòmasyon pou kontakte li | |
| Siyati | Dat jodi a |

**5yèm ETAP: Siyati adilt e enfòmasyon pou kontakte li**

Siyen mwen siyen fòmilè sa a vle di mwen sètifye (mwen pwomèt) ke tout enfòmasyon ki ekri nan aplikasyon sa a kòrèk e ke mwen te rapòte tout revni yo.

| Non adilt k ap ranpli fòmilè a (ekri an lèt detache) | |
|---|---|
| Adrès lakay (si disponib) [Ri, Vil, Eta, Kod postal] | |
| Enfòmasyon pou kontakte li | |
| Siyati | Dat jodi a |

PA RANPLI PATI SA. SE POU LEKÒL SÈVI SÈLMAN.

*Mwen te fè yon revizyon sou tout enfòmasyon ak dokiman yo e mwen deside fòmilè a ranpli yon fason kòrèk e konplè selon konesans mwen.*

| Greater New Bedford RVTHS | |
|---|---|
| Siyati | Dat jodi a |

Yo dwe peye tout depans ki gen rapò ak distribisyon, konpilasyon, e revizyon fòmilè revni fanmi yo ak fon ki pa fè pati fon nan kont sèvis manje lekòl yo.

Tanpri note ke yon kontak kominote (si yo bay youn) pa kapab yon anplwaye distri lekòl/lekòl “charter” kote elèv la asiste lekòl, ni li pa kapab yon moun k ap resevwa peyman nan men distri lekòl/lekòl “charter” pou l jere oswa administre pwosesis verifikasyon revni a. Fòmilè sa pa valab si kontak kominote a tonbe nan 2 kategori sa yo.